# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–13 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि सुसासन क पहिला सर्त हौ कानून क राज न्याय संगत व्यवस्था हर अदमी के प्रिय हौ अउर येही बदे भारत जानल जा रहल हौ। उहां के लखनऊ के डाक्टर राममनोहर लोहिया विश्वविद्यालय के तिसरका दीक्षांत समारोह के संबोधित करत रहली। उहां के कहली कि राष्ट्र हम्मन के जिनगी में सबसे ऊंच होखे के चाहीं। सज्जो राष्ट्र बदे समरपित होखे के चाहीं। राष्ट्र के साक्षी मान के आपने कर्तव्य बदे सजग रहल हम्मन के धरम हौ। ऐह मौका पर देस के मुख्य न्यायाधीस डाक्टर डीवाई चन्द्रचूड़ दीक्षांत समारोह में विद्यार्थियन क मार्गदरसन कइलें अउर उन्हें उपधियों दिहलें। बाद में एगो सोसल मीडिया पोस्ट मे मुख्यमंत्री कहलीं कि उन्हें पूरा भरोसा हौ कि येह प्रतिष्ठित विश्वविद्यालय क होनहार विद्यार्थी न्याय व्यवस्था के नवका ऊंचाई तक ले जइहें।

**********

प्रदेस में बरखा अउर बांधन से पानी छोड़ले से प्रदेस क सत्रह जिला बाढ़ से परभावित हवें। प्रदेस क लखीमपुर खीरी, बलरामपुर, कुशीनगर, बस्ती, शहजहांपुर, बाराबंकी, सीतापुर, गोण्डा, सिद्धार्थनगर, बलिया, गोरखपुर, बरेली, आजमगढ़, हरदोई, अयोध्या, मुरादाबाद अउर बहराईच से बाढ़ क खबर हौ। घाघरा नदी बाराबंकी, अयोध्या आ बलिया, राप्ती नदी सिद्धार्थनगर आ गोरखपुर बुढ़ी राप्ती सिद्धार्थनगर अउर कुआनो नदी गोण्डा में खतरा क निसान से उपर बहि रहल हौ।

बनारस में गंगा नदी क जलस्तर बढ़े लगल हौ। येह के देखत जल पुलिस एनडीआरएफ अउर नाविकन के मुस्तैद कइ गइल हौ, सरधालुअन के गहिर पानी में नहइले से रोकल जा रहल हौ। मऊ जिला में उहां के डीएम बंधा अउर बाढ़ग्रस्त इलाका क दौरा कर जरूरी हिदायत देहलन। बदायूं जिलों मे उहां डीएम दातागंज तहसील इलाका क परभावित गांव क दौर कइलें। पीलीभीत जिला में शारदा नदी के बनबसा बैराज से 61 हजार 630 क्यूसेक पानी छोडले से उहां बिसेस सावधानी क निरदेस दिहल गइल हौ।

**********

प्रदेस में छौ जिला क पुलिस कप्तान समेत दस आईपीएस अधिकारियन क तबादला हो गइल हौ। बनारस जिला क पुलिस उपायुक्त श्याम नरायण सिंह के एटा क पुलिस कप्तान बनावल गइल हौ। ऐंहा के एसपी राजेश कुमार सिंह क तबादला कानपुर क पुलिस उपायुक्त पद पर कइल गइल हौ। लखनऊ में पुलिस अधीक्षक– प्रशिक्षण एवं सुरक्षा गौरव वंसवाल के बनारस में पुलिस उपायुक्त बनावल गइल हौ। एसपी शामली– अभिषेक कुमार के एसपी बिजनौर अउर एसपी जालौन ईराज राजा के एसपी गाजीपुर बनावल गइल हौ। बिजनौर के एसपी नीरज कुमार जादौन के एसपी हरदोई पद पर भेजल गइल हौ। राम सेवक गौतम के पुलिस उपायुक्त कानपुर से तबादला कइ के एसपी शामली बनावल गइल हौ। हरदोई के पुलिस अधीक्षक केशव प्रसाद गोस्वामी के पुलिस अधीक्षक– अभिसूचना मुख्यालय लखनऊ, गाजीपुर के एसपी डाक्टर ओमवीर के पुलिस उपायुक्त लखनऊ अउरी आईपीएस डाक्टर दुर्गेश कुमार के एसपी जालौन बनावल गइल हौ।

**********

छत्तीगढ़ क मुख्यमंत्री विष्णुदेव साय आजु अपने कैबिनेट के साथ अजोध्या में श्रीराम लला क दरसन पूजन कइले। उहां के भगवान राम के बेरो चढ़वले संवाददाता लोगिन से बतियावत उहां के कहली कि भगवान राम बनवास क जियादातर समय छत्तीसगढ़ में बितवले रहलें। येही से ऊ लोग छत्तीसगढ़ के बेर उहां के जल महकउवा चावल आ अउरियों तरह क परसाद भगवान के चढ़वले हवें।

**********

काशी विश्वनाथ मंदिर क मुख्य कारपालक अधिकारी विश्व भूषण मिश्रा कहले हवे कि नियमित दरसनारथी पहिले के तरियन दरसन करत रहे। उहां के कहलीं कि कुछ लोग भरम फैइला रहल हवें कि नियमित दरसनारथियन के लाईन में लग के दरसन करे के होई । उहां के साफ कइलीं कि न्यास अइसन कवनों फैसला नाही कइले हौ। उहां के बतवलीं कि नेमी दरसनार्थियों बदे अगल से दुआर बदे ट्रायलो कइल गइल हौ।

**********

पड़ोसी देस नेपाल में गोताखोरन समेत सेना अउर पुलिस क टीम त्रिशूली नदी में गिरल बस यात्रियन क खोज दुसरको दिन जारी रखले हौ। लापता लोगिन के परिजन मांग कइले हवें कि जरूरी तकनीक अउर उपकरणन क परियोग कइ के येह अभियान के अउर प्रभावी बनावल जाए। काल्ही सबेरे सिमलताल में भूस्खलन से करीब साठ यात्रियन से भरल दू बस त्रिशुली नदी में बह गइल रहे। एगो बस काठमाण्डू से गौर जात रहे अउर दुसरकी बीरगंज से काठमाण्डू जात रहे। येह हादसा में सात भारतियों लापता हवें जेहमें से छौ के नाम क पहचान हो गइल हौ। महराजगंज जिला प्रसासन के लग्गे सज्जों नाव मौजूद हौ। भारत के अधिकारी नेपाल के अधिकारियन के लगतारे संपर्क में हवे।

**********